МУЗЫКА ТӘЛИМИ ҲӘМ ВОКАЛ: ОҚЫТЫЎШЫНЫҢ РОЛИ

Ж.Қуламбетова – *үлкен оқытыўшы*
Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәденият институты Нөкис филиалы
“Театр ҳәм көркем өнер” факультети, “Вокал” кафедрасы

Таяныш сөзлер: музыка тәлими, вокал, ҳаўаз, педагог, тәрбия, эстетика, дөретиўшилик жумыс, сес техникасы, репертуар, музыкалық саўатлылық, ритм, интонация, дикция, дем алыўды қадағалаў, сес диапазоны, сес тембри, руўхый тәрбия, мәденият, сахна мәденияты, көнликпелер, көркем өнер, билимлендириў процеси, шынығыўлар, дөретиўшилик.

Ключевые слова: музыкальное образование, вокал, голос, педагог, воспитание, эстетика, творческая деятельность, звуковая техника, репертуар, музыкальная грамотность, ритм, интонация, дикция, контроль дыхания, диапазон звука, тембр звука, духовное воспитание, культура, сценическая культура, навыки, искусство, образовательный процесс, упражнения, творчество.

Key words: music education, vocal, voice, teacher, upbringing, aesthetics, creative activity, sound technique, repertoire, musical literacy, rhythm, intonation, diction, breath control, sound range, sound timbre, spiritual education, culture, stage culture, skills, art, educational process, exercises, creativity.

Музыка - инсан қәлбин тәрбиялаўшы, сезимлерин байытыўшы ҳәм эстетикалық дүньяны кеңейтиўши көркем өнер түри. Музыка тәлими тек ғана дөретиўшилик қәбилетлерди раўажландырып қоймастан, ал әдеп-икрамлылық, мәдений ҳәм руўхый тәрбияның әҳмийетли факторы есапланады. Музыка тәлими ҳәм вокал көркем өнеринде муғаллимниң рольи шексиз. Устаз тек билим ҳәм көнликпелерди жеткерип қоймастан, ал шәкирттиң дөретиўшилик потенциалын раўажландырыў, музыкаға болған муҳаббатын оятыў ҳәм оның эстетикалық көз-қарасын қәлиплестириўде әҳмийетли орын ийелейди. Жақсы оқытыўшы - бул, бәринен бурын, өз пәнин жетик билетуғын, музыка теориясы, тарийхы ҳәм атқарыўшылық көркем өнериниң нәзик тәреплерин терең аңлайтуғын шахс болып табылады. Ол студентлерге музыканың тилин түсиниўге, ноталарды оқыўға, ритмди сезиўге ҳәм гармония нызамлықларын түсиниўге жәрдем береди. Сондай-ақ, муғаллим тек билим бериўши емес, ал устаз да болып есапланады. Ол ҳәр бир студентке индивидуал қатнас жасаўы, оның қәбилетин анықлаўы ҳәм оған сәйкес түрде билим бериўи керек. Оқытыўшы оқыўшының күшли тәреплерин раўажландырыўға, кемшиликлерин сапластырыўға ҳәм өз үстинде еркин ислеўге ийтермелеўи керек. Вокал көркем өнеринде муғаллимниң роли және де әҳмийетли.

Ол даўысты дурыс қойыў, дем алыў техникасын үйретиў, артикуляцияны раўажландырыў ҳәм вокалдың көркем имканиятларын ашыўда жәрдем береди. Жақсы вокал муғаллими оқыўшыға өз даўысын басқарыўға, ҳәр түрли усылларда айтыўға ҳәм сахнада өзин еркин тутыўға үйретеди.

Муғаллимниң жеке пазыйлетлери де үлкен әҳмийетке ийе. Сабыр-тақатлылық, мийрим-шәпәәтлилик, талапшаңлық ҳәм әдиллик - бул муғаллимге шәкиртлериниң ҳүрметине ерисиўге ҳәм олар менен нәтийжели қарым-қатнас орнатыўға жәрдем беретуғын пазыйлетлер болып табылады. Музыка ҳәм вокал тәлиминде муғаллим - бул тек билим дереги емес, ал дөретиўши, устаз ҳәм дос. Оның ҳәрекетлери себепли жас әўладтың музыкалық потенциалы жүзеге шығады, олардың естетикалық талғамы қәлиплеседи ҳәм олар көркем-өнер әлемине қәдем қояды. Музыка тәлими ҳәм вокал тараўындағы оқытыўшының ўазыйпасы тек ғана сабақ өтиў менен шекленбейди. Ол музыкаға жақынластырыў, оның гөззаллығын сезиў ҳәм сүйиўге үйретиўи керек. Муғаллим өз шәкиртлериниң ишки дүньясын байытыў, оларда жақсылыққа умтылыў сезимин оятыў ҳәм оларды руўхый жетик инсанлар етип тәрбиялаўға жуўапкер. Заманагөй музыка тәлими муғаллимнен жаңаша жантасыўларды талап етеди. Бүгинги күнде технологиялардың раўажланыўы музыка билимлендириўинде жаңа имканиятлар жаратпақта.

Оқытыўшы интерактив сабақлар өткериў, аудио ҳәм видео материаллардан пайдаланыў, онлайн платформалардан үнемли пайдаланып, оқыў процесин және де қызықлы ҳәм нәтийжели ислеўи мүмкин. Сондай-ақ, оқытыўшы өзиниң кәсиплик шеберлигин турақлы арттырып барыўы, жаңа педагогикалық технологияларды өзлестириўи ҳәм өз тараўындағы жаңалықлардан хабардар

болыўы зәрүр. Ол семинар ҳәм тренинглерде қатнасыўы, тәжирийбе алмасыўы ҳәм өз үстинде тынымсыз ислеўи керек. Музыка ҳәм вокал муғаллиминиң мийнети - бул келешек әўлад ушын қойылған үлкен үлес болып есапланады. Олардың ис-ҳәрекетлери менен жас дөретиўшилер жетисип шығады, музыка көркем өнери раўажланады ҳәм жәмийетимиздиң руўхый келбети және де гөззалласады.

Музыка тәлими ҳәм вокал көркем-өнери муғаллими заманагөй педтехнологиялар раўажланыўы дәўиринде өзине тән ҳәм әҳмийетли рольди атқарады. Устаз тек ғана музыка теориясы ҳәм әмелияты бойынша билимлерди жеткериўши емес, ал ҳәр бир оқыўшының индивидуал қәбилетин ашатуғын, оның дөретиўшилик потенциалын жүзеге шығарыўға жәрдемлесетуғын шахс болып табылады. Педтехнологиялар, яғный билимлендириў процесин оптималластырыўға қаратылған инновациялық усыллар ҳәм қураллар оқытыўшыға бул ўазыйпаны табыслы орынлаўға жәрдем береди. Заманагөй оқытыўшы интерактив доскалар, онлайн сабақлар, музыкалық программалық тәмийнат ҳәм мобиль қосымшалар сыяқлы педтехнологиялардан нәтийжели пайдаланыўы керек. Бул қураллар оқытыў процесин қызықлырақ ҳәм нәтийжелирек етиўге, оқыўшылардың еркин пикирлеўин раўажландырыўға, олардың дөретиўшилик излениўлерин қоллап-қуўатлаўға хызмет етеди. Мәселен, музыка бағдарламалары жәрдеминде оқыўшылар өзлери музыка жаратыўлары, аранжировкалаўлары ҳәм өз атқарыўларын жазып алыўлары мүмкин. Вокал муғаллиминиң рольи айрықша әҳмийетли. Ол тек ғана даўысты дурыс қойыўды үйретип қоймастан, ал ҳәр бир оқыўшының индивидуал тембрин, оның атқарыў усылын раўажландырады. Педтехнологиялар вокал билимлендириўинде де үлкен имканиятлар жаратады. Мәселен, даўыс жазыў студиялары ҳәм программалары жәрдеминде оқыўшылар өз атқарыўларын талқылаўы, қәтелерин анықлаўы ҳәм оларды дүзетиў үстинде ислеўи мүмкин. Музыка тәлими ҳәм вокал муғаллими заманагөй педтехнологиялардан өнимли пайдаланып, ҳәр бир оқыўшының музыкалық қәбилетлерин раўажландырыўға, оларды дөретиўши шахс сыпатында қәлиплестириўге өз үлесин қосады. Бул болса, өз гезегинде, жәмийетимиздиң руўхый ҳәм мәдений раўажланыўына хызмет етеди. Музыка тәлими ҳәм вокал көркем өнери муғаллими заманагөй педагогикалық технологияларды қолланыў арқалы студентлердиң дөретиўшилик потенциалын раўажландырыўда әҳмийетли роль ойнайды. Вокализлер, романслар ҳәм ариялар сыяқлы музыкалық жанрлар арқалы оқытыўшы студентлердиң даўыс имканиятларын кеңейтиў, музыкалық талғамын қәлиплестириў ҳәм сахна мәдениятын тәрбиялаўға ериседи. Заманагөй педтехнологиялар муғаллимге сабақ процесин және де нәтийжели ҳәм қызықлы шөлкемлестириўге жәрдем береди. Мәселен, интерактив доскалар, мультимедиа қураллары, онлайн платформалар ҳәм мобил қосымшалар арқалы студентлердиң музыкаға болған қызығыўшылығын арттырыў, теориялық билимлерди әмелият пенен үйлестириў мүмкин. Вокализлерди үйретиўде даўыс жазыў ҳәм анализлеў программаларынан пайдаланыў, студентлерге өз қәтелерин дүзетиў ҳәм жетилистириў имканиятын береди. Романслар ҳәм ариялар вокал көркем өнерин үйретиўде айрықша орын тутады. Романслар студентлерде лирикалық сезимлерди билдириў қәбилетин раўажландырса, ариялар опера сахнасына таярлық көриўде үлкен әҳмийетке ийе. Оқытыўшы студентлерге романс ҳәм ариялардың тарийхы, жанры ҳәм атқарылыў өзгешеликлери ҳаққында мағлыўмат берип, оларды музыкалық шығарманың мазмунын түсиниўге ҳәм сезиўге үйретеди. Оқытыўшының рольи тек техникалық шеберликти үйретиў менен шекленбейди. Ол студентлерде эстетикалық талғамды қәлиплестириў, музыкаға муҳаббат оятыў ҳәм дөретиўшилик искерликке хошаметлеў сыяқлы ўазыйпаларды да атқарады.

Соның ушын оқытыўшы музыка тараўындағы жаңалықлардан хабардар болыўы, өз билим ҳәм көнликпелерин турақлы түрде арттырып барыўы, оқыўшылар менен индивидуал ислесиўи ҳәм олардың қәбилетлерин дурыс баҳалай алыўы керек. Музыка билимлендириўи ҳәм вокал көркем өнери оқытыўшының шеберлиги, билимданлығы ҳәм заманагөй педагогикалық технологияларды өзлестиргенлиги менен тиккелей байланыслы. Бүгинги күнде педагоглар тек ғана музыка теориясы ҳәм атқарыў сырларын үйретиў емес, ал ҳәр бир оқыўшының индивидуал өзгешеликлерин есапқа алған ҳалда билим бериў процесин шөлкемлестириўи керек. Заманагөй педтехнологиялар, атап айтқанда, интерактив усыллар, мултимедиа қураллары, онлайн платформалар ҳәм мобиль қосымшалар

музыкалық билимлендириўдиң нәтийжелилигин арттырыўға хызмет етеди.

Вокал сабақларында муғаллимниң роли жүдә әҳмийетли. Ол оқыўшының даўысын дурыс қәлиплестириў, дем алыў техникасын раўажландырыў, артикуляция ҳәм дикция үстинде ислеў, интонацияны дурыслаў сыяқлы ўазыйпаларды орынлайды. Сондай-ақ, педагог оқыўшыға музыканың ишки мәнисин түсиниўге, сезимлерин билдириўге, сахна мәдениятын ийелеўге жәрдем бериўи керек. Музыка тәлими ҳәм вокал көркем өнери муғаллимниң шеберлиги, билимлилиги ҳәм заманагөй педагогикалық технологияларды өзлестиргенлиги менен тиккелей байланыслы. Репертуар таңлаў - вокал муғаллиминиң ең әҳмийетли ўазыйпаларынан бири. Репертуар оқыўшының жасы, қәбилети ҳәм музыкалық талғамына сәйкес болыўы керек. Вокализлер ҳаўаз аппаратын шынығыў, диапазонды кеңейттириў ҳәм даўысты беккемлеў ушын зәрүр. Романслар оқыўшының музыкалық талғамын қәлиплестириў, вокал техникасын раўажландырыў ҳәм көркем баянлаў усылларын үйрениў ушын хызмет етеди. Ариялар болса оқыўшының сахнадағы имканиятларын көрсетиў, образ жаратыў ҳәм қурамалы вокал ўазыйпаларын орынлаў ушын сайланады. Мысал ретинде, баслаўыш класс оқыўшылары белгили композиторлардың халық қосықлары ҳәм балалар ушын дөретилген романслар усыныс етеди. Орта класс оқыўшылары ушин болса Чайковский, Рахманинов сыяқлы композиторлардың романслары, сондай-ақ, жеңил опера ариялары сәйкес келеди. Жоқары класс оқыўшыларына болса Верди, Пуччини, Моцарт сыяқлы композиторлардың қурамалы ариялары, сондай-ақ, жәҳән романс үлгилери усыныс етилиўи мүмкин. Сондай-ақ қарақалпақ музыкасы бай ҳәм рәңбәрең мийрасқа ийе. Оның қурамына халық қосықлары, дәстанлар киреди. Оқытыўшы оқыў репертуарын дүзиўде өзбек, қарақалпақ музыкасының өзгешеликлерин есапқа алыўы керек. Мысалы, өзбек музыкасы вокал сабақлары ушын бай репертуар дереги болып мақомлар, қосықлар, халық қосықлары, классик қосықлар оқыўшылардың музыкалық талғамын қәлиплестириўге, оларды миллий мийрасымыз бенен таныстырыўға хызмет етеди. Шама менен репертуар сыпатында төмендеги шығармаларды усыныў мүмкин: Юнус Ражабийдиң «Шашмақом» дүркиминен үлгилер, Мутал Бурхановтың «Тоҳир ва Зуҳра» операсынан ариялар, өзбек халық қосықлары, мәселен, «Омон ёр,» «Ләзги» «Құқонча». Буннан тысқары, заманагөй өзбек эстрадасы «Ялла» ўәкиллериниң шығармалары да оқыўшылардың қызығыўшылығын оятыўы мүмкин.

Сондай-ақ, қарақалпақ музыкасы мәселен, «Дембермес,», «Бозатаў,» сыяқлы халық қосықлары сыяқлы ҳәм «Айдынлар», «Сениң көзлериң», «Муҳаббатыңнан», «Мәжнүнтал» оқыўшылардың жас өзгешеликлерине сәйкес келетуғын ҳәм олардың музыкалық талғамын раўажландыратуғын шығармалар сыпатында таңланыўы мүмкин. Вокал сабақларында муғаллимниң рольи даўысты дурыс қойыў, дем алыў техникасын үйретиў, дикция ҳәм артикуляцияны раўажландырыўдан ибарат. Оқыўшылардың индивидуал өзгешеликлерин есапқа алған ҳалда, олардың ҳаўазына сай келетуғын шығармаларды таңлаў әҳмийетли. Қосықларды атқарыўда оқыўшылардың миллий музыкаға болған сүйиспеншилигин оятыў мақсетинде қарақалпақ қосықларынан пайдаланыў усыныс етиледи.

Муғаллимниң шеберлиги, музыкалық билими, педагогикалық қәбилети ҳәм заманагөй технологияларды ийелеў дәрежеси музика билимлендириўиниң сапасын белгилейди.

Сондай-ақ, оқытыўшының өзи музыкаға болған муҳаббаты ҳәм дөретиўшилик қатнасы оқыўшыларды илҳамландырып, олардың музыкалық қәбилетлерин раўажландырыўға жәрдем береди. Музыка тәлими не ушын әҳмийетли? Музыка тәлими арқалы: Балалар ҳәм жасларда музыкаға болған қызығыўшылық оянады; Эстетикалық сезим ҳәм көркем пикирлеў қәлиплеседи; мәденият ҳәм миллий қәдириятларға ҳүрмет артады; Социаллық ҳәм коммуникативлик көнликпелер раўажланады. Вокал оқытыўшысының тийкарғы ўазыйпалары. 1. Даўыс имканиятларын раўажландырыў. Ҳәр бир оқыўшының даўыс диапазоны, тембри ҳәм техникасын дурыс бағдарлаў - муғаллимниң шеберлигинен дәрек береди. Ол баланы даўысына зыян жеткермей, дурыс ҳәм саламат тәризде раўажландырыўға үйретеди. 2. Музыка тыңлаў мәдениятын қәлиплестириў. Оқытыўшы тек нама айттырып қоймастан, оқыўшыны музыканы дурыс түсиниўге ҳәм талқылаўға да үйретиўи керек. Бул арқалы оқыўшыда көркем дүньяқарас қәлиплеседи. 3. Репертуар таңлаў ҳәм үйретиў. Оқытыўшы оқыўшының жасы, даўыс имканиятлары ҳәм жеке қәбилетлерине қарап, дурыс намаларды таңлап, басқышпа-басқыш қурамалылығын

арттырып барады. 4. Сахна мәдениятын үйретиў. Вокал муғаллими баланы тек даўысы менен емес, ал сахнада өзин тутыўы, ҳәрекетлери, мимикалары арқалы да тәсир көрсетиўге үйретеди. 5. Теориялық ҳәм әмелий билимлерди үйлестириў.

Музыка теориясы, ритм, интонация, дикция, дем алыў қадағалаўы сыяқлы техникалық элементлер де вокал тәлими процесинде әҳмийетке ийе.

Жуўмақлап айтқанда, вокал оқытыўшысы - әпиўайы оқытыўшы ямаса оқытыўшы емес, ал шахсты тәрбиялайтуғын устаз, дөретиўшилик басшы ҳәм илҳам бериўши устаз. Оның сабырлылығы, билими ҳәм меҳири себепли оқыўшылар музыка арқалы өзлерин аңлайды, сүйеди ҳәм әтирапындағылар менен унамлы байланыслар орнатады. Сонлықтан, музыка билимлендириўи ҳәм вокал муғаллими жәмийетте айрықша орынға ийе.

Пайдаланылған әдебиятлар

1. Ветлугина Н.А. Музыкальное развитие ребёнка. М.; 1968.
2. Голубовская Н. О музыкальном исполнительстве. 1985.
3. Крюкова В. Музыкальная педагогика. 2002.
4. Милич Б.Е. Воспитание ученика-пианиста. М.;Кифара, 2008.
5. Щапов А.П. Фортепианный урок в музыкальной школе и училище. М.; классика-XXI, 2001.

РЕЗЮМЕ. Бул мақалада вокал муғаллиминиң музыка үйретиўдеги орны ҳаққында сөз етиледи. Музыка тәлими тек ғана даўисти раўажландырыўда емес, ал естетикалық тәрбиялаўда, шахсты раўажландырыўда, мәдений дүнья қарасын қәлиплестириўде де үлкен әҳмийетке ийе. Вокал муғаллими оқыўшылардың вокал имканиятларын анықлайды, дурыс усылларды үйретеди, сахна мәденияты, музыка саўатлылығы ҳәм дөретиўшилик көнликпелерин раўажландырыўда жетекши роль ойнайды. Сондай-ақ, балаларды миллий ҳәм улыўма инсаныйлық қәдириятларға ҳүрмет руўхында тәрбиялайды. Мақалада оқытыўшының педагогикалық шеберлиги, индивидуал қатнасы ҳәм руўхландырыўшылық орны айрықша атап өтилген.

РЕЗЮМЕ. В данной статье рассматривается роль учителя вокала в обучении музыке. Музыкальное образование играет важную роль не только в развитии голоса, но и в эстетическом воспитании, личностном развитии и формировании культурного мировоззрения. Учитель вокала выявляет вокальные возможности учащихся, обучает их правильным техникам и играет ведущую роль в развитии сценической культуры, музыкальной грамотности и творческих навыков. Она также воспитывает детей в духе уважения к национальным и общечеловеческим ценностям через музыку. В статье особо подчеркивается педагогическое мастерство учителя, его индивидуальный подход и вдохновляющая роль.

SUMMARY. This article examines the role of a vocal teacher in teaching music. Music education plays an important role not only in voice development but also in aesthetic education, personal development, and the formation of a cultural worldview. Vocal teacher identifies students' vocal capabilities, teaches them proper techniques, and plays a leading role in developing stage culture, musical literacy, and creative skills. It also educates children in the spirit of respect for national and universal values through music. The article specifically emphasizes the teacher's pedagogical mastery, their individual approach, and inspiring role.